Абы и закъуэ? «Газпром» АО-м и директорхэм я советым хэтхэм ящыщ дэтхэнэми дыззрыт ильэсым щыщIдзэм Iэрыхьащ сом мелуан 15-м щIигъу. Правленэм и тхьэмадэ Миллер Алексей и жьипым ирилъхьащ сом мелуан 17,5-рэ. Гъэ кIуам улахуэу я унафэщ хьилэшым зыкIэщIилуащIащ сом мелуан 206-м щIигъу. А псори эхьачIыхьакIи (е пIалъэншэу) и къулыкъум пэрытыным кьыдокIуэу «культ личности» жыхуаIэр, гъунапкъэншэу тIыпIэ, щхьэзыфIэфIыгъэ, нэгъуэщI мыхьумыщIагъэхэри зыхилъхьэныр. Абы щыхьэт тохъуэ ди кьэралым и тхыдэр. Депутатхэм я гугъу щIыпIэ, ахэр хэтщ коллегиальнэ органхэм, яхуэфIэкIыхуэ депутат зыхратаскъыну хуитми, зэман-зэманкIэ парламентхэм кьыхагъэкI («ротация депутатов» жыхуаIэ хабзэм кьызэриГъэувыным хуэдэу). Ауэ си гъэ арэзы сытоХьуэ депутатхэм я хуитныбгъэкъэр (пенсэкIэ

●Испание

Дунейпсо экономикэ кризисым хуэм-хуэмурэ зэщIеубыдэ спор тым и IэнатIэ нэхъыщхьэхэр. Командэ куэдым «дамэ» яхуэжьу компаниехэмрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ («спонсор» жыхуаIэхэм) я «бгырыпхъэр щIакъуэзэ» зэпытщ. Ауэ финанс гугъуехьхэр зэкIэ зыгъэмыIэса командэ кьуэлжьхэри щыIэщ. Абыхэм ящыщи Испанием и футбол командэ щIэрыIуэр. «Реал»-кIэ зэдзэкр. Абы ящыщ ирилъхьащ (евро мелуан 94-кIэ) кьищIэкуэ футболист щIэджащэ Роналдэ Криштиану. *Сурэтым:* **зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадз.**

●Щэнхабзэ

Урысей Федерацэм и щыналъхэхэм я унафэщIхэр зэщхьэщокI я къудакъым и щIэмкIэ: сэт губернаторщ, хэтн президентщ. Ар тэмэму пэрэ?

СУХОМЛИНОВВ. *Самарэ.*

- Мы зэманым УФ-м и щыналъхэхэр 83 мэхъу. Абыхэм я унафэщIу губернатору 54-рэ (Санкт-Петербург къалэм и Iэтащхэри зэту), президенту 13, администрацием и тхьэмадэу 7, республикэхэм я пашэу 6, Правительствэм и Унафэщ1у 2, мэру 1.

- Ар тэмэмкъым, - жеIэ Къэрал Думэм и унафэщIым и кьуэдэ Жириновский Владимир. - Зэхэзэрыхьащ Iуэхугъуэ куэдкIэ жэуапта-кIуэхэм я IэнатIэхэм зэрэджэр. Псалъэм папщIэ, Тывам и Iэтащхьэр Правительствэм и Унафэщ1ырщ. Коми щытепщэр республикэм и пашэрщ. Шэшнэир зы-Iэщ1эльыр Президентыщ. ЗэхэзгъэкIыгъуафIэкъым парламентхэм я щIэхэри. Кьэбгъэльагъуэмэ, Томскэ областым щыIэр Къэрал Думэщ, Башкирием - Курультайщ, Тэтэрстаным - Къэрал Советщ. Хьэдэгъуэдахэщ а псори. Шэч хэмыльу, унафэщIхэм я щIэхэр зэхуэдэу гъэбелджылын хуейщ. Президенту ди къэралым иIапхъэр зы закъуэщ!

Президентыр и къулыкъум зэрыщIэрыгър пIалъэкIащ. ауэ депутатхэр Думэм щылажьэ мэхъу, я псэр пытыхункIэ. Апхуэдэ хуитныгъэшхуэмэ я пенсэкIэ ямыдейуэ зарыимэ егупсысыр, зэхъуэкIынмыгъэ гуэрхэр зэлъхьэн хуейкъэ?

ТИМОФЕЕВ В. *Чебоксары.*

УщIэм жэуап кьрет ФедерацэмкIэ Советым и Унафэщ1 **Мерэн Сергей:**

- Конституцэм зэритымкIэ, кьэралым и президентым кьыалэн инхэр егъэзащIэ, властым и институтпсо Iэщ1эльуи щытщ. Ар зэман кIыхькIэ (е пIалъэншэу) и къулыкъум пэрытыным кьыдокIуэу «культ личности» жыхуаIэр, гъунапкъэншэу тIыпIэ, щхьэзыфIэфIыгъэ, нэгъуэщI мыхьумыщIагъэхэри зыхилъхьэныр. Абы щыхьэт тохъуэ ди кьэралым и тхыдэр. Депутатхэм я гугъу щIыпIэ, ахэр хэтщ коллегиальнэ органхэм, яхуэфIэкIыхуэ депутат зыхратаскъыну хуитми, зэман-зэманкIэ парламентхэм кьыхагъэкI («ротация депутатов» жыхуаIэ хабзэм кьызэриГъэувыным хуэдэу). Ауэ си гъэ арэзы сытоХьуэ депутатхэм я хуитныбгъэкъэр (пенсэкIэ автомашинэкIэ, хабзэхъуэмэхэм ящыщ зыгъэмащIэ, нэгъуэщI мыхьумыщIагъэхэри зыхилъхьэныр. Абы щыхьэт тохъуэ ди кьэралым и тхыдэр. Депутатхэм я гугъу щIыпIэ, ахэр хэтщ коллегиальнэ органхэм, яхуэфIэкIыхуэ депутат зыхратаскъыну хуитми, зэман-зэманкIэ парламентхэм кьыхагъэкI («ротация депутатов» жыхуаIэ хабзэм кьызэриГъэувыным хуэдэу). Ауэ си гъэ арэзы сытоХьуэ депутатхэм я хуитныбгъэкъэр (пенсэкIэ

Сэ си гугъащ Китайр Урысейм и ныбжьыгъу пэжу. Ауэ Черкизовскэ бззэрыр зэрызэхуащIыхьра, а къэралым и газетхэр, радиор, телевиденэр икъуэкIа кьытхуэщхьидэ, тхузымыфащэ кьыдалэс, дагъэщIыныну хэтщ. Ар щхьэ жхуэдэрэ?

БОЛКОВ О. *Пермь.*

- Китайр къащхьэщэ и хэкуэгъуэхэм. Абы емыкIу хэзэ? - жеIэ тхакIуэ Латыниндэ Юлие. - Ар уеблэмэ Урысейр зыдэпльеипхъащ. Мазаем ди кьэралым и гъунапкъхъуэмэхэм щIрагъэльэфат Китайм и кхъухь, щыхуу исахэм я зэхуэдитIри щыIуэу. Ауэ абы щхьэкIэ ди гъунэгъуэхэр бий кьытхуэхъуакъым. Сыт щхьэкIэ? Я сэбэп зыхьэлъхэр зыщагъэгъупщэркъыми. Китайм и дежкIэ Iэнэхъыбгъэ мамыру кьыддэпсэумэ, сатум зригъэубгъуурэ, къуэкIыпIэ щIыналъхэхэм щытепщэщIмэ. Аращ Iуэхуэхэр зыхуэжьIуэри. Сыбырым и Iыхъэ зыкъомым щыкуэд хъуащ китайхэр. Кьимидзэкъ, ди къэралым ильэс 20-кIэ Китаймрэ щыIэнуц щIыдагъэр тонн мелуан щиц хуэдиз, нэгъуэщIу жьипIэмэ, пудыжьы, зы баррелым ахъшэу доллар 57-рэ фIэкIа хуэмыдзу. Сыт абы кьыкIыр? Урысейр Китаймрэ хуэм-хуэмурэ зыIэщIеубыдэ. Ар дызытегъуэвыхьыпхъэ Iуэхущ.

ЗэрыжаIэмкIэ, 2010 гъэм ирихьэлIэу ди пенсэхэм хуэдитIкIэ хэхъуэнущ. Ар, дауи, Iуэхуфlт. Ауэ, хабзэ мыхъумыщIа зэрыхъуащ, пенсэхэм щыхагъэхъуэкIэ, ерыскъыкъэри хьэпшыпхэри нэхъ лъапIэ ящI, Iуэхутхьэбзэу кьытхуащIэжи я уасэри иру драгъэуей. Абы зэгуэрым кIэ игъэтIыну?

НОВИКОВЭ О. *Санкт-Петербург.*

- Макроэкономикэ анализымрэ пIалъэ кIэщI прогнозхэмрэ я центрым и экспертхэр нэхъыщхьэ Поляков Игорь кьызэрыджиIамкIэ, нобэр кьызыдэсым пенсэу хагъэфыхьар ящIэрщ. Ар премьер Путин дыкъызэригъэгугъам тету, курыт пенсэхэм процент 45-кIэ яIэтэм (сомини 8-м нагъэсмэ), абы лIыжь-фызыжьхэр, кьулей дэмыкъуми, игъэмэхэлIэкъуэгъэнщ инхэр егъэзащIэ, властым и институтпсо Iэщ1эльуи щытщ. Ар зэман кIыхькIэ (е пIалъэншэу) и къулыкъум пэрытыным кьыдокIуэу «культ личности» жыхуаIэр, гъунапкъэншэу тIыпIэ, щхьэзыфIэфIыгъэ, нэгъуэщI мыхьумыщIагъэхэри зыхилъхьэныр. Абы щыхьэт тохъуэ ди кьэралым и тхыдэр. Депутатхэм я гугъу щIыпIэ, ахэр хэтщ коллегиальнэ органхэм, яхуэфIэкIыхуэ депутат зыхратаскъыну хуитми, зэман-зэманкIэ парламентхэм кьыхагъэкI («ротация депутатов» жыхуаIэ хабзэм кьызэриГъэувыным хуэдэу). Ауэ си гъэ арэзы сытоХьуэ депутатхэм я хуитныбгъэкъэр (пенсэкIэ

Мстислави, Абдулов Александри, нэгъуэщI зыбжанэмэ, ЦIыху цIрыIуэ мызыщIэжжэр утыкуэхуэхэм «кърамыдзафэу», дохутырхэр кьахуэсакъыу, я унэхэм щIагъэсыжмэ мынэхьыфIу пIэрэ?

КОРОЛЬКО Д. *Волгоград.*

- Мы Iуэхум и гъуэхуэу Iэщ1агъэлIхэм жаIэхэр зэтеуэркъым. Къэбгъэльагъуэмэ, профилактикэ медицинэмкIэ ГНИЦ-м и эксперт Холмогоровэ Галинэ щэч кьытрихьэркъым Зыкинэр зыкIи зыхуэмеI Iэуэльауэшхуэ кьращIэкIам Iэрихьам. Зи ныбжьыр хэкIуэри щIыпIэ кьытоундагъуэ гуфIэгъуэри гуауэри. Ар щIэбгъэпсейтеин, щIэбгъэгуэзвэн щыIэкъым. Категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутыр - кардиолог Сазонов Николай кьыхэрилытэмкIэ, и ныбжьыр экIуэтами, цIыху дэтхэнэми зыхищIэн хуейщ щIэ кьыхэрыхуащIыр. ИтIанэщ ар узыфэхэм нэхъыфIу щапщIэтыфынур. Гу зылъытапхъэщ академикэм, профессорхэм, зи лэжьыгъэр зымыбгъынэхэм я нэхъыбэр гъащIэкIыхь зыпхъэхуэр. Пенсэм ягъэкIуаХэм, гулъытэ щIагъуэ зыхуэмыщIыкъ цIыху цIэрыIуэхэм, ди жагъуэ зэрыхьэнщи, ажалыр псынщIэ дыдэу кьалъоIэс.

Дыдэрыт ильэсым кьрнуфыбдэу хущхьуэхэм я уасэр зыбжанэрэ драгъэуей. Ауэ ранат унафэщIхэм дыкъагъэгугъат мы Iуэхум хэкIыпIэ гуэрхэр кьыхуагъэутыну. **ПIхьэ дыкъагъапщIэрэ?**

КАРПЕНКО Е. *Самарэ.*

Росздравнадзорым и унафэщI **Юргель Николай** жеIэ:

- Къэпщытэныгъэхэм сэтей кьызэращIамкIэ, ущхьхуэхэр льапIей щыхъуащ. Ульяновск, Иркутск областхэм, Приморск краим, Чувашым, Ханты-Мансийск автономнэ округым. Ауэ зыгуэрым нэхъ щыпудц Орлов, Нижегородск, Омск, Томск, Белгород областхэм. Хамэ кьэралхэм краш хущхьуэхэм нэхърэ ди кьэралым щагъэхьэзырэр нэхъ Iыпlэ мэхъу. Мы Iуэхугъуэ зэфIэзыхьыпхъэр щIынальэ унафэщIхэрщ. Псалъэм папщIэ, дызэпсэльа губернаторхэм ящыщ зыбжанэ (псалъэм папщIэ, Кострома областыр зыIэщIэлъым), цIыхубэм я гукъеуэхэр кьаIэлъытэри, хущхьуэхэр зыкъомкIэ нэхъ пуд ящIащ.

Кьызгурыуэркъым Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIхэр. ЩIэпхъаджэхэм, хьиим икIуаГ, яукI, яуI, зыуIэ министрхэр, президентхэр, хабзэхъумэхэр, мамыру псэу щIыхуэхэр. Сыт абы и щхьэусыгъэ?

КАН И. *Иркутск.*

- Пэжщ, зауэщIэ

● ДифI догъэлъапIэ

Араш ноби си гум IэфIу илъыр 80

ХьэIупщы Лолэ Мацэ и пхъур Дзэлыкъуэ районым щыщ Сэрмакъ (Бабыгуей) къуажэм 1929 гъэм къыщалъхуащ. Школыр кънуха нэужь, Лолэ колхозым щылажьащ. Абы псэмыблэжу зэрыслалэжьыхьам папщIэ, 1946 гъэм кьыхуагъэфэщащ «За трудовую доблесть» медалыр.

1947 гъэм къыщыщIэдзауэ 1952 гъэм нэсыху КъБАССР-м и Нагорнэ районым экономисту щыIащ. 1969 гъэм щегъэжьауэ Лолэ Сэрмакъ къуажэм дэт библиотекэм и унафэщIу лэжьащ, нэгъэущI IэнатIэхэми пэрытащ.

ХьэIупщы Лолэ и усэхэр кьытехуащ «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым. Лолэ газетым и редакцэм, радиомрэ телевиденэмрэ зэрадэлэжьам папщIэ ЩIыхь тхылъ кьыхуагъэфэщащ.

1984 гъэм ХьэIупщы Лолэ къыфIащащ «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар ТхакIуэхэм я союзым хэтщ.

Абы и Іэдакъэщ1экIхэм ящыщщ «Жэналъкъы псыно», «Щыхубз насып», «Анэм и гуащI», «Хэкум ипхъу», «Жыг хадэр жейркъым» усэ тхылъхэр, нэгъэущIхэри.

Щыхьэт тохъуэ

ПсэкIэ зыхещIэ

Лэжьыгъэм и ветеран, усакIуэ ХьэIупщы-Куэнэ Лолэ къуажэ дызэрыгушхуэ бзылъхугъэ пажэхэм ящыщщ. Абы кьыкIуа гъащIэ гъэгуанэр тыншу щытакъым.

Уасрадин Мурат

ИГъАЩIэМ жаз анэ быдэзыщэм нэхъ IафI, нэхъ гуащIэ зэрыщымыIэр. Захуагъэмрэ угъурлыгъэмрэ и тельхьэу зи гъащIэр езыхьэкI цIыхум «и анэм зригъэфа быдэзышэр и хьэлэлщ» хужаIэ. Анэм и гулъытэм ухуэфащэу ущытынэр насыпышхуэщ, езы анэм дежкIи гухэхъуэщ ар. А гулъытэм кьыпкъ-рилъхьа зэхэщIыкIрауэ кьыщIэкIынщ усакIуэм и тхылъым «Анэм и гуащIэ» щIыбфищэри. Мы тхылъым ит усэ нэхъыфIхэм ящыщщ анэм папщIэ ихтар:

Соплъыр щхьэц чэсейхэм,
Уи нэ схуэнэхъуейхэм.
Къызэптащ уэ гъащIэ,
Сипсихьащ уи гъащIэм.

Гъатхэм темытыхьа, гъатхэм и щIэращIа-гъэм димыхьэха усакIуэ къэгъуэгъагъуэщI. Абы кьыхэкIыIэ гуГъущ щIэуэ, щIэщыгГъуэу абы зыгуэр хужыпIкIи. Ауэ «Гъатхэ макъамэ» усэм щIэуэ, уи гум ехуэбыIлэу сатыр кУэд ущрохьэлпэ. А усэр щыхьэт тохъуэ Лолэ илъэсым нэхъ и дахэгъуэ дыдэр ауэ сытми илъагъу кЬудейм кЬыщымынэу, атIэ псори гурэ псэкIэ усакIуэм зэрызыхищIэр.

Хьэлупщым фIыуэ кЬыгурIуэ усыгъэр зищыщсыр, абы и кЬалэн нэхъыщхьэр.

МЫСАЧЭ Петр.
1973 гъэ

Псалъэ дахэ хужаIэ

Махуэ Дадушэ и цIэр зэрихьэу Сэрмакъ къуажэ дэт кинотеатрым иджыблагъэ щагъэлъэпIащ Уарисейм и ТхакIуэхэм я союзым хэт, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХьэIупщы-Куэцэ Лолэ илъэс 80 зэрыриклуар.

ПШЫХЬЫМ зыкъраГъэхьэIащ КъБР-м и Сабий фондым и унафэщI **Умэ Светланэ**, журналист **Котляровэ Марие**, радио администрацэм и лэжьакIуэхэу **Къалэ Хъызыр, Тэтэркъан ЛатIиф**, къуажэ связым и лэжьакIуэхэу **ХьэIупщы Хьэ-Іишэтрэ Кьардэн Жаннэрэ,** ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэу Сэрмакъ къуажэ щыIэм и унафэщI **Дидан Зое** нэгъэущIхэми. Кьыхэхуэсахэр кЬыщIыпсалъэм, кЬыхэкIэщащ Лолэ и Іэдакъэщ1экIэхэм ящыхьэнэщхуэ зэраIэр, езыр лэжьакIуэфIу, унэгуащэ жыджэру зэрацIыхУр, Іэщ1агъэ зэхуэмыдэ куэдым зэрыхищIыкIыр. Ахэр Лолэ екъуэхъуащ узынщагъэ быдэ иIэну, и усыгъэхэм къахих нэхугъэр псэуху езыми кЬытридэуу, и бынхэм я насып иилъагъуу кУэдрэ псэуну.

КЬуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Дохъущокъуэ Ис-мэхьил** зэIущIэр кЬыщы-зэIуихьи, ХьэIупщы Лолэ хъуэхъу дахэ хужаIэм иритащ.

Пшыхьэр кЬыщэгъэнэщы-пыр зи жэрдэмыр библиотекэм и лэжьакIуэ **Даур Ритэ-рэ Дидан ХьэIишэтрэт** Апхуэдэу а Іуэхум жыджэру хэтащ щэнхабзэм и лэжьакIуэ **Алытуд ФатIимэ** Сэрмакъ дэт курыт еджапIэ №3-м и егъэджакIуэхэу **Махуэ Ма-ритэрэ Мэлей Аленэрэ,** абы-хэм я гъэсэнхэр я гъуэсэу.

ЗэIущIэм Лолэ и кЬуэ-рылъхьу хЬыджэжь щIыкIуР и анэшхуэм хуэхъилхьа усэ кЬыщеджащ. Апхуэдэу усакIуэм и усэхэм щыщ гъэ-хуауэ икIи дахэу кЬеджащ кЬуажэдэс нЬыжьыщIэхэр.

Къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ кЬафэзэмкIэ, уэрэдэхэмкIэ. ЗэIущIэм и кIэухым хьэщIэхэр щIэ-лиотекэмкIэ ирагъэблагъащ усакIуэм нэхъ гъуэнгъуу бгъэдэсыну, епсэлъэну Іэмал ирату.

ВЫНДЫЖЬ Феня,
егъэджакIуэ.

Жэналъкъы ипхъу

1962 ГЪЭМ Дзэлыкъуэ районым парт зэIуцIэ гуэрым зы цIыхубз кЬыщыпсалъэр. Абы жиIэр я гум зэрыдыхьэм и щыхьэту, зэIущIэм кЬрихьэлIахэм Іэгуэгушхуэ хуаIэтащ.

- Хэт хьуну ар? - си гЬынэгъу щысым сопщI.

Доклад зыщIым и цIэ-унэщIэр кЬыщрагуэм, пэшым сыщIэмысу ирихьэлIат, абы кЬыщынэмыщIауэ, сэ а районым сыкъэзэрыIэпхъуэрэ кУэд щIатэкъым, сцIыкУр мащIэт.

- Ар ХьэIупщы Лолэщ, - жиIащ кЬызбгъэдэсым. - Си районым и мызакъуэу, республикэ псом фIыуэ кЬыщащIыкIы цIыхубз жыдэжрщ.

И цIэ-унэщIэр зэрыщхъэхуэ кЬэсщIэжащ: тхьэмахуэ и пэкIэ кЬэсщэхуат «Жэналъкъы псынэхэр» усэхэр зэрыт абы и тхылъыр.

- 1937 гъэм КЬалмыкъ Бетлан Сэрмакъ кЬэкIуауэ щытащ, - иГу кЬэгъэкIыж ХьэIупщы Лолэ. - А Іуэхум колхозхэтэхэм ирагъэкIа зэхьихьэм сэ сыкЬыщеджат Щоджэнщ1ыкIу Алий и усэхэм ящыщ зыбжанэ, си зы уси щIыгъуу. Бетлан кЬэзыджэрэ кЬыщхъуэхъуащ, си щIэ-унэщIэрэ тхылъымпIэм тритащ. Тхьэмахуэ дэкIа нэужь, си нЬыжьгъу Кьалэ Жэнуэсрэ сэрэ Налшык Пионерхэм я унэм дагъэкIуат. Иужькlэ дэ щIэтщIащ ар Кьалмыкъ Бетлан Зэрифыщ1эр.

Къалэм кЬэдрэ щеджэну хунэсакъым Лолэ. И адэ ХьэIупщы Мацэ дунейм щехьэжьым, абы кЬуажэм кЬыгъэзэжащ. Зауэ кЬэхъейри, Лолэ и анэри жащ-махуэ ямыIэу лэжьащ. Илъэс 16 ирикъуа кЬудейт Лолэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыбгъэдэтым папщIэ «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941 - 1945 гг.» дамыгъэ лъапIэр кЬыщратам. А гъэхэм абы и Іэдакъэм кЬыщIэкIат усэ зыбжанэ. И усэхэм яхэт и адэм, абы и нЬыжьгъу шыхъуэ Бей Шухьэиб хуэзхилъхьа-хэри.

Лолэ лэжьыгъэ зэхуэмыдэ кУэдым хэзагъэт. Ар щытащ колхозым и комсомол зэгухьэныгъэм и унафэщIу, ГъэкIэжьIу, экономисту, библиотекэм и лэжьакIуэу, мастэхэIуу. Арат абы и усыгъэм кЬыщIиуатэри. Лэжьыгъэми щышынэртэкъым Лолэ, иГу темыхуэр фэрыщIагъэмрэ пцIымрэт. ХьэIупщым щIиджыкIырт адыгэ, урыс литературэм и классикхэм я лэжьыгъэхэу, уеблэмэ абыхэм я гъэсэну зиIытэжырт. Арауэ кЬыщIэхьнщ Лермонтов Михаил, Щоджэнщ1ыкIу Алий сымэ ятекУхуа усэхэр итхыныр кЬызыхэкIар.

«Зольские вести» газетым и редактору сыщIыщIата илъэсхэрат сэ Лолэ нэхъ нэIуасэ сыщIыхуэхъуар. УмыгъэщIэгъуэнкIэ Іэмал иIэтэкъым ар и лэжьыгъэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтыр. Абы и деж цIыху куэд кЬакIуэрт усэхэр. ТхыгъэхэР ирагъэтхыну, чэнджещIэгъу ящIыну. ЦIыхубз Советым и унафэщIу зэрыщытым кЬыхэкIыу, абы кЬыIэрыхьэрт лъэIу тхылъхэр. Лолэ зэман кЬигъэутырт, псом я дежи кIуэрт, зэрылъэкIкIэ сабэп яхуэхъурт. Гъэщ1эгъэщ1, ауэ псэлъэгъу ищIыну и гу бамПэр дихын кЬудей щхьэкIэ Лолэ лъэIукIэ зыкъыхуэзыгъаэхэрэ щыIэт.

Зэгуэрым Лолэ сеупщIащ: «Махуэми уолажь, пщыхьщхьэкIи пшыхь зэхуэмыдэхэм, зэIущIэхэм уокIуэ, папщэщ утхэну ущыхунэсыр?» - жысIэри. Абы и жэпаупу Лолэ къызжиIащ: «Си жейр нэхъ мащIэ сщIы кЬудейуэ араш».

ШЭДЖЫХЬЭЩIэ Хьэмыщ,
КъБР-м и цIыхубз тхакIуэ, 1999 гъэ

Хьэлупщы Лолэ и усэхэр

КIыщокъуэм и деж

Уи гущIэ жану кЬарурэфIэм
Зэманхэр кЬату кЬетIэщIыж.
Уи гъащIэ яБгъэ мыIумпIафIэм -
Щхьэц нальэр хужьу кЬыпхедзыж.

Жызмыlэ зэи уигу домбейуэ,
Зи гущIэм псынэ кЬыщIэна.
Щхьэдох псы гЬуджэр ди кЬурш джейхэм,
Зы ткIуэпс и нэпкЬхэм щымыжа.

А псынэр, уэру зиужьауэ,
МакIуэр тенджжызым, йопIэщIэкI.
И лъахэм щыкIуу кЬыщежьауэ,
Иджы толькЬуну зеублэрэкI.

Араш уи гъащIэр зыхуээгъадэр,
ТхакIуэ гуащафIэ, зи Щыхь ин,
Уи лъэпкъ кЬарУуэ тебГъэкIуадэр
Мэскьалкlэ и пIэм хэт хуичьн?

Нэхъыфlт зы псальэу нЬыжеСламэ,
«Альп жэрым» тесу адыгэлI.
Щыхъуэпскlыу Іэпэм уи жыр кЬаморэ,
Блэкlа лIэщIыгъуэр щЬым йоIулI.

Уи лъэпкъ и фащэр ущIри бзыпхъэ,
КЬэкIуэн зэманым джанэ хуод.
Уи тхылъ мыкIуэщIхэм гур я жыпхъэу
Упсэу, Алим, у э ильэс кУэд.

Бжьыхьэ

Псышхуэ губжьаи слъагъужькЬым,
Йожэх Балъкъыпсыр мыпIащIэу,
Еплыт, зы мыви хуэгъэпщкIужькЬым -
Уноплъыс ЖнТу псы лъащIэм.

Хэт кЬыхуэзэми еIунщIу,
ЖЬым, хЬив щыкIауэ, кЬежьхь,
Жыгхэр нэпсейуэ иутхыпщIу,
Жьы хЬауи кЬелкЬым зы бжьхь.

Бгыжьхэм щIакIуэу пшэр яIыгъщи,
Уафэр лъахьшабзэ кЬысфIощI.
Уэлбанэм, кЬуаргкэр етащи,
ХьыбарегъащIэ зыхуащI.

Си хущхьуэгъуэ хэлъщ

Мо дыгъэшхуэм си схуэгъуэгъуэ хэлъщ,
Си нэджыджыр куэдрэ лъэIэсащи,
Бзий кЬыпихухэм си хущхьуэгъуэ хэлъщ,
Ар кЬалэму Іэпэм Іэщ1эльащи.

Мазэ изым си хущхьуэгъуэ хэлъщ,
Си гу пщIанэр куэдрэ хуэсIэтащи,
Ит мэлыхьуэм хуэсIуэтащ гухэль,
Араш гуфIэу башыр щIиIэтари.

Мо Шыхулъагъуэм си хущхьуэгъуэ хэлъщ,
Вагъуэ щIухэм нэр ядэжьагъащи.
Си гуныуэпсхэр нальэ-нальэу тельщ,
И кЬуапитхур ащ щIыпзэблэдзари.

Жэщ мазэхэм си хущхьуэгъуэ хэлъщ,
ЩIакIуэ папщIэу куэдрэ зыдэсщащи.
ПщIыхь лъэтэжхэр щыблэу зэроль эль,
БауэкIэщIу гу кIэльыщIыхьащи.

Лэгъупыкъым си хущхьуэгъуэ хэлъщ,
Зэмыфэгъуэу нитIым ирагащи.
ЩIы хЬурейри кЬалэмыпэм фIэльщ,
ІнтI мыпсэхум яГъэлурыщащи.

Анэ

Ухэльащ уи анэм и Іэпкъльэпкъым,
Мазибгъу енкIэ укЬрихьэкIащ.
Дуней нэхум уэ укЬыщытехьэм
ГъащIэр нЬыпщIитыну и гугъащ.

Гугъут ущипIым щыгЬуи абы дежкIэ:
Жей нэхь Іэфым кУэдрэ хэбГъэнащ,
КЬыщыхьуакЬым гугЬуехь зыри уэркIэ.
И бгъафитIым уэ ущIипIыкIащ.

Небэ-къебэу щIыльэм кЬыщыпкIухьэм
Анэгу пащIэр кЬащIэу пхуэльэтт.
«МафIэм исым е ныхэхуэм псывэм», -
ЖиIэу, абы и нэIэ тт емыкIт.

Ауэ дыркъуэ льэпкъ уэ кЬыплъымысу
УпIащ балигъ гЬуэгум утехьэу,
Иджы, уи чэзыщ, щIалэ щIасэ,
Анэр уи гум зэи иумыгъэху.

Гъуэжькуий

Дыгъэм и кIэ мажьэр
Уафэм кIэщIедзэ ж;
Жьыбгъэм пшэ
фIыцIэжьхэр
Цыуэ еудэж.

Щ1ыльэм кЬох
гЬуэжькуийуэ,
Жьуджалэр ещIп,
Кьефыкъ укIурийуэ,
ЦыкIухэр зэгуегъэп.

Пшэхум кЬыхэщэщIр
Уафэ мыяжIэщхьщ,
ТЕху жу а уэ пIащэр,
Гъавэхэм загъэщхъ.

Хьарбыз сыхьэу, дыгъэр
Уэлум кЬоуэ ж,
ЩIэгъуэльхьауэ и бгъэм
Щ1ыр дыгъэпс йофэж.

Гъатхэ

Пшэ Іэльэщ1 Іувыр
Уафэм зытрихри,
Гуэлмэдын щхьуантIэр
Зытрилъхащ.
Щхьэхьнэу дыгъэр
епэззззхри,
Иджы нэхъ жану
Щ1ым щхьэщыхьащ.

Ди пщэдджьжьыр,
Сабий гъырнэIуу,
ЗэхэуIэлуаэ
КЬуажэм дэтыжькЬым, -
Кьабззу псынэпсым
Зыхитхьэщ1эжри,
Дыхьащ пщIыпщIыжу
Ар иджы Балъкъым.

Щ1ым щыщхуаэ
Мылыф гуэбэнэчыр,
Гъатхэ щыгЬынкIэ
Зехуапэ.
Зэхох щыгЬуахьуэу
Трактор лъэ чыр,
Бэв вагъэбдзумэр
Щехьри бгы лъапэм...

Макъамэ

Дыгъэ бзийм елыпщI арыххэу пшэжьхэр,
ЛъэщIэху дахэу уафэр епхъэхьж,
Кьыщехьижри щIылъэм джанэ хужьыр,
Джанэ щхьуантIэр льиду щетIэгъэж.

Жащ я дамэр бзу шыр зэмыфэгъуэм,
Гуфей жыг щхьэкIэ Іувым зэпхолъэ.
Тэджащи нэхущым си кЬуажэгъуэхэр,
Я гъущIышу «къэщIщхэм» гур яIэ.

ИгъэнщIащ хьэуари епэрымэм
Убэуэну нобэ псэм фIэфIэщ,
ЩхьуантIэ дахэу яп3 ажэгъуэмэм
Щ1щ Іэрамэ тыГъэ сщIыну сфIэфIщ.

Щ1эжьей пкIатэльатэм сыдахьэхьр.
Макъамэ жьгъыруэм гур ятхъэжьу,
Іур доупщIыIур, сАлькъыйнр кЬыхЕхьр –
И гуапагъэр ди псым сщещIыр хьэжь.

Зэ1удза щхьэгъубжэм сыбгъэдэтщи,
Гъатхэ макъыр пшынэм и бЭзу кЬоIу,
Псыри нобэ сэ си нэIурытщи,
СфIощI си усэм гъатхэрэ щIэдэIу.

Макъамэ дахэ.
Сурэгър Урысей Федерацэм и цIыхубз художникIэ ПАЩТЫ Герман *ищIащ.*

Балъкъыпсым дожьу

А-АДЭ КУЭДКIЭ дынэхь щIалэу Тхакlуэхэм я союзым ирагъэкIуэкIыу щыта семинар-зэIущIэхэм дыкьыщIеуIалэм щыгГъуэ Балъкъ Іуфэ Іус Сэрмакъ кЬыкIыурэ кЬыт - хьыхьэрт ХьэIупщы Лолэ. Езым и усэхэм кЬеджэжьыни нэгъуэщIхэм ейхэм тепсэлъыхьыни фIэфIт абы. «Сэ фльагъур езы Щоджэнщ1ыкIу Алий и куэщIым сисащ, си щхьэфэм гуапэу Іэ кЬыдильащ! - жиIэурэ дызригъэхьуапсэт, ауэ «си япэ тхыгГъэхэм кЬыщIэкIащ, ауэ «си япэ тхыгГъэхэм кЬыщIэкIащ, жиIэу кЬыдиIуэ-кЬынутэкЬым.

Хьэлупщы Ло лэ и усэхэр нэхьыбэ у зытриухуэр цIыхубз Іэщ1агъэрщ, анэ, шыпхьу гумащIэрщ. Мы усакIуэр щабэщ, щэны-фIэщ.

ЦIыхубз Іэщ1у жыр лэныстэр
Сэ куэд щIауэ схуэIэрыхуэу сIыгъщ.
ЗэфIэуащи си Іуданэ мастэр,
Жэз Іэпхъуальэр Іэпэм и лъэрыгъщ.

Усыгъэр гурэ псэкIэ зыхищIэу, и псэр зыгъэпIейтейхэмкIэ, зыгъэгуфIэхэмкIэ цIыхум дэгу эшэфу, уэрэзэгъу ущIрэ, езым и дунейм утриШэу - мис апхуэдэщ усакIуэ ХьэIупщыр.

Дэтхэнэ цIыхуми езым и дунеи иIэщ - иГуКIэ, и псэкIэ, и сабиигъэмкIэ, и щIалэгъуэ дахэмрэ фIыльагъуныгъэ Іэфымрэ кЬигъэщIауэ. Лолэ и дунейр кЬыщежьэр Балъкъ бжьэпэрщ. Арауэ кЬыщIэкIынщ абы и усэхэр щIэкъабзэрэ, и гурыщIэхэм я кЬигъэхуапIэр щIэкъэдри.

Лолэ щхьэхакЬым: илъэс 50-м щIигъуКIэ щыпIэжьащ библиотекэм, колхозым, сымаджэщ Іэнат Іэхэм. Дауэ кЬыпIащхьуэр а псоми бынунагъ уэ зехьэнчи зыкЬыщдэбгъаху эу, укъызыхэкIа лъэпкъми уэ тхылъ зытхухкIэ ухуэупсэн жыхуэпIэр? Дауи, абы щхьэкIэ цIыхубз хахуэу, анэфIу, еш жыхуаIэр у мыщIэу, уи жей бгъэныкъу эфрэ уи гур, уи псэр зымыгъэпсIу творчествэрэ Іэщ1ыб у мыщIу гЬуэуанэ кЬызэпIпчын хуейт. Ар дызригъэхьуапсэт, ауэ «си япэ тхыгГъэхэм насыпщ - насыпщ!» Ар кЬыгурIуэжу, абы иригушхуэу арагъэнт ХьэIупщы Лолэ и усэ тхылъхэм ящыщ зым «Щыхубз насып» щIыкIищари. Тхьэм и шыкуркIэ, а насыпым зэи Іэщ1ыб кЬыщIакъым Лолэ - и унэ, и бынитхур зыхуей хуигъэзауэ, иджы абыхэм я бныжжэм анэшхуэ жьыщIхэм махуэ яхуэхьуауэ... И анэм и дуней тетхьэIэр, ямырей псэ кЬадэкIуэ, абы Іэщ1агъэ хуэхъуар - творчекэ лэжьыгъэр фIэмыщдахэу щытамэ, Лолэ и бынхэм ящыщ ХьэсэIни усэ тхыным зрипщытыну кЬыщIэкIынтэкъым.

Ди гуапэщ Лолэ «Щыхубз насыпым» щымыщIэну, езыр дяпэкIи емышыжу Балъкъ пэдж жэурэ дежьэуну, хьэлэлу кЬилэжьа и Щыхь тхылъхэм, дамыгъэ лъапIэхэм хи-Іэхьэжу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэри Урысей Федерацэм и ТхакIуэ хэм я союзым зэрыхэтри игъэпэжу ди тхылъеджэхэм кЬэдрэ яхуэлэжьну.

ЕлГъэР Кашиф.
«Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэм и кЬалэнэхэр зыгъэзащIэ.

Жэналъкъы псынэхэр

1962 ГЪЭМ Дзэлыкъуэ районым парт зэIуцIэ гуэрым зы цIыхубз кЬыщыпсалъэр. Абы жиIэр я гум зэрыдыхьэм и щыхьэту, зэIущIэм кЬрихьэлIахэм Іэгуэгушхуэ хуаIэтащ.

- Хэт хьуну ар? - си гЬынэгъу щысым сопщI.

Доклад зыщIым и цIэ-унэщIэр кЬыщрагуэм, пэшым сыщIэмысу ирихьэлIат, абы кЬыщынэмыщIауэ, сэ а районым сыкъэзэрыIэпхъуэрэ кУэд щIатэкъым, сцIыкУр мащIэт.

- Ар ХьэIупщы Лолэщ, - жиIащ кЬызбгъэдэсым. - Си районым и мызакъуэу, республикэ псом фIыуэ кЬыщащIыкIы цIыхубз жыдэжрщ.

И цIэ-унэщIэр зэрыщхъэхуэ кЬэсщIэжащ: тхьэмахуэ и пэкIэ кЬэсщэхуат «Жэналъкъы псынэхэр» усэхэр зэрыт абы и тхылъыр.

- 1937 гъэм КЬалмыкъ Бетлан Сэрмакъ кЬэкIуауэ щытащ, - иГу кЬэгъэкIыж ХьэIупщы Лолэ. - А Іуэхум колхозхэтэхэм ирагъэкIа зэхьихьэм сэ сыкЬыщеджат Щоджэнщ1ыкIу Алий и усэхэм ящыщ зыбжанэ, си зы уси щIыгъуу. Бетлан кЬэзыджэрэ кЬыщхъуэхъуащ, си щIэ-унэщIэрэ тхылъымпIэм тритащ. Тхьэмахуэ дэкIа нэужь, си нЬыжьгъу Кьалэ Жэнуэсрэ сэрэ Налшык Пионерхэм я унэм дагъэкIуат. Иужькlэ дэ щIэтщIащ ар Кьалмыкъ Бетлан Зэрифыщ1эр.

Къалэм кЬэдрэ щеджэну хунэсакъым Лолэ. И адэ ХьэIупщы Мацэ дунейм щехьэжьым, абы кЬуажэм кЬыгъэзэжащ. Зауэ кЬэхъейри, Лолэ и анэри жащ-махуэ ямыIэу лэжьащ. Илъэс 16 ирикъуа кЬудейт Лолэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыбгъэдэтым папщIэ «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941 - 1945 гг.» дамыгъэ лъапIэр кЬыщратам. А гъэхэм абы и Іэдакъэм кЬыщIэкIат усэ зыбжанэ. И усэхэм яхэт и адэм, абы и нЬыжьгъу шыхъуэ Бей Шухьэиб хуэзхилъхьа-хэри.

Лолэ лэжьыгъэ зэхуэмыдэ кУэдым хэзагъэт. Ар щытащ колхозым и комсомол зэгухьэныгъэм и унафэщIу, ГъэкIэжьIу, экономисту, библиотекэм и лэжьакIуэу, мастэхэIуу. Арат абы и усыгъэм кЬыщIиуатэри. Лэжьыгъэми щышынэртэкъым Лолэ, иГу темыхуэр фэрыщIагъэмрэ пцIымрэт. ХьэIупщым щIиджыкIырт адыгэ, урыс литературэм и классикхэм я лэжьыгъэхэу, уеблэмэ абыхэм я гъэсэну зиIытэжырт. Арауэ кЬыщIэкIынщ Лермонтов Михаил, Щоджэнщ1ыкIу Алий сымэ ятекУхуа усэхэр итхыныр кЬызыхэкIар.

«Зольские вести» газетым и редактору сыщIыщIата илъэсхэрат сэ Лолэ нэхъ нэIуасэ сыщIыхуэхъуар. УмыгъэщIэгъуэнкIэ Іэмал иIэтэкъым ар и лэжьыгъэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтыр. Абы и деж цIыху куэд кЬакIуэрт усэхэр. ТхыгъэхэР ирагъэтхыну, чэнджещIэгъу ящIыну. ЦIыхубз Советым и унафэщIу зэрыщытым кЬыхэкIыу, абы кЬыIэрыхьэрт лъэIу тхылъхэр. Лолэ зэман кЬигъэутырт, псом я дежи кIуэрт, зэрылъэкIкIэ сабэп яхуэхъурт. Гъэщ1эгъэщ1, ауэ псэлъэгъу ищIыну и гу бамПэр дихын кЬудей щхьэкIэ Лолэ лъэIукIэ зыкЬыхуэзыгъаэхэрэ щыIэт.

Зэгуэрым Лолэ сеупщIащ: «Махуэми уолажь, пщыхьщхьэкIи пшыхь зэхуэмыдэхэм, зэIущIэхэм уокIуэ, папщэщ утхэну ущыхунэсыр?» - жысIэри. Абы и жэпаупу Лолэ къызжиIащ: «Си жейр нэхъ мащIэ сщIы кЬудейуэ араш».

ШЭДЖЫХЬЭЩIэ Хьэмыщ,
КъБР-м и цIыхубз тхакIуэ, 1999 гъэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●Текіуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлІэу

Хэкум папщІэ

Гъатхэ пщэ дджыжьт. Ихъуреягькіэ щымт. Просцир жей гуащІэм хилъэфам хуэдэ. Мэз щІагъым къыщІэх мэгуадіхуэмрэ къыщІэкІ къуалэбзу макъымрэ дунейр мамыр хьужауэ кьыпщагъэхъурт. Жыг абрагъуэхэм ялут тхьэмпэхэри хьэйуэ кьыпхуэщІэртэкьым. Зауэ зэманым апхуэдэу кьыщыхъур зэрэзмылэз дыдэт. Зау зІлхэм ящыкІыгъэщІу кьыщыхъэр зыкъыдэшэрт. ПщІэнт экъым абыхэм зауэ гуащІэ кьапэщылъ. Ауэ ныбжьыхьэущ мащІэр кьигъэсэбэпри, батальоным и парторгт Тхьэмадокьуэм парт собранэ зэІуха зэхуигъэсащ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр кьапэщылъ зэхэуэгуащІэм офицерхэмрэ сэрэтхэмрэ хэущІэнІэтэнырт. Парторгым ялэу псалъэ ириттащ батальоным и командир, гвардием и майор Артамоновым.

- Ныбжьыгъухэ! Ди къэралыр зэман нэхъ гугъуп1э 1942, 1943 гъэхэм щІтащ Красноярск и гъущІ гъуэгу лэжьакІуэхэм, сом 178285-рэ зэхуахьэсри, танк колоннэ къащхэхуащ, - кьригъэжьащ командиром, - икІи ар дэ кьыдатащ. Ящмы абыхэм я ізныхьыр дэ дгъэпэжьын хуейщ.

Командиром и ужькІэ нэгъуэщІхэри кьэпсэжьащ. Жаіа псори кьыізщІикъуэжу зауэлІэхэм я пащхьэм кьиуващ лы гъур мыльагър. МащІэу и нэхэр щІикъуэнцІэу, и макъми зримыгъэІэтыщІэу, ауэ хэкъуэуэ абы жиІащ:

- «Красноярский железнодорожник» танк колоннэр, кьиКІуэт имыщІэу, ятІонэрэ кІуэн хуейщ, текІуэныгъэр зыІэпрІэкъэ у, бийм хэщІыныгъэшхуэ ириту, фашистхэм я гъуэ нэхъыщхьэ Берлин нэсыху, кьызэтемыувыІэу.

Адыгэ щалэр псальэт, танк колоннэр зыгъэхьэзыра рабочхэм е езыр я ІыкІуэ хэлъу. Щхьэмыгъэзагъэм кьыхуриджэу, кьедаІуэ псори кьызэщІиІэтэу, абыхэм гушхуэныгъэ яхилъхьэу. Къэр щІауэ жейкІэ зызымыгъэнщІыжа, гугъуехьымрэ гузэвэгъуэмрэ я1ыпІэ зауэлІэхэр щэрыщІэ кьэхьужам хуэдэт. Ахэр хьэзыртт бийм ебгъэрыкІуэну.

Сыхьэт хэхъ дэмыкІыу ди дзэр ежьащ. Ахэр хуэкІуэрт Польшэм и кьалэ нэхъ инхэм ящыщ Лодз. «Красноярский железнодорожник» танк батальоныр я1э итхэм ящыщт. Лейтенант Арефьев Николай и взводыр кьалэ дыхьэпІэм щынэсым, бий бзаджэм І уащ. Гъущ1 гъуэгурэ автомобиль гъуэгурэ щызэтехьэм и дзэ зауэ гуащІэ щы-

Тхьэмадокьуэ Амил (1946 гъэм трахащ)

зэхаублащ. Къэд дэмыкІыу Тхьэмадокьуэр зи пар торг батальоным и мыдрей гупхэрим абы хьухащ. Ди зауэлІэхэр щхьэмыгъаззт. Ахэр танкхэм я топхэмкІэ бийм щэрыуэу яхэ уэрт. Нэмыщ1эм я техникэр зэхэкьута хьуа нэужь, адэ-мыдэжь зэбгрыкІ фашистхэр пу леметкэмкІэ зэхрауІкІащ. Апхуэдэу «Красноярский железнодорожник»-р я1эу Лодз дыхьащ. Абы ирихьэлІэу мыдрей ди дзэхэри нэсащ. А махуэ бдзэм Лодз кьащтащ. Адэжь ди хэкъуэгурэ зи парторг батальоныр жьыдэкІэу зэ